

ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ИТУМ-КАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

№25 (416), 15 июля 2021г.

Ведучи

gazeta.veduchi@mail.ru gazeta.veduchi Свободная цена

Р. Кадыров подал документы на участие в выборах Главы ЧР

Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров подал в Избирком документы на выборы руководителя региона на новый срок. Об этом сообщил Председатель Избирательной комиссии Чеченской Республики У.Байханов.

«Во вторник, 6 июля, Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров подал в Избирком пакет документов для участия в предстоящих выборах руководителя региона. Документы сданы в первой половине рабочего дня», – сказал Председатель Избирательной комиссии ЧР Умар Байханов.

Он добавил, что этап выдвижения кандидатов на выборах Главы ЧР начался 19 июня и завершится на этой неделе – 8 июля. Таким образом, Р. Кадыров стал первым кандидатом, подавшим документы для участия в выборах.



23 июня Президент России Владимир Путин предложил Р.Кадырову вновь пойти на выборы руководителя региона.

«Вы в материале, работаете эффективно, изнутри ситуацию знаете, поэтому я полагаю, что вам нужно идти на выборы, продолжить свою работу», – сказал В. Путин и пожелал собеседнику успехов.

Напомним, что 26 июня отделение партии «Единая Россия» в Чеченской Республике выдвинуло кандидатуру Рамзана Кадырова на должность руководителя региона на предстоящих выборах. По итогам голосования его кандидатура была поддержана единогласно. Всего голосовало 176 делегатов, имеющих право голоса.

В Единый день голосования – 19 сентября 2021 года на территории Чеченской Республики пройдут несколько масштабных выборов, наиболее важные из них для жителей региона – выборы Главы Чеченской Республики.

Пресс-служба Главы и Правительства Чеченской Республики

Путин наградил Аймани Кадырову знаком отличия «За благодеяние»

Президент РФ Владимир Путин наградил знаком отличия «За благодеяние» президента Регионального общественного фонда имени Ахмата-Хаджи Кадырова Аймани Несиевну Кадырову за вклад в благотворительную и общественную деятельность. Соответствующий указ опубликован в воскресенье на официальном портале правовой информации.



«За большой вклад в благотворительную и общественную деятельность наградить знаком отличия «За благодеяние» Кадырову Аймани Несиевну – президента Регионального общественного фонда имени Героя России Ахмата Кадырова», – говорится в документе.

За 17 лет существования благотворительный фонд, возглавляемый Аймани Кадыровой, передал несколько сотен тонн продуктов населению Сомали и Сирии. Также фонд регулярно оказывает материальную помощь нуждающимся жителям Чеченской Республики и других регионов РФ. Фонд занимается восстановлением и строительством социальных объектов в ЧР, а также мечетей в разных странах мира.

ИА «Грозный-информ»

Шайна хьафизийн хьуьжар яр дехна Серберчу бусалбанаша

Сербин бусалба Динан урхалло дехар дира Нохчийн Республикин Куьйгалхочуьнга Кадыров Рамзане шайн махкарчу Рашски областехь хьафизийн хьуьжар йиллахьара, аьлла. Июнь беттан тIаьххьарчу дийнахь Нови Пазар гIалахь дIаяьхьначу «горгачу стоьлехь» Европин бусулбаниин форуман председателла Ниязов Iабдул-ВахIида билгалдаьккхира, иза Нохчийчоьнан хьалхарчу Президентан Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах хирг хилар.

«Кадыров Ахьмад-Хьаьжин 70-шо кхачар билгалдоккхуш «горгачу стоьлан» дакъалацархоша дийцаре дира, Нохчийн Республикин Куьйгалхо бусалба нахана гIодар дезаш хилар. Цундела цара сацам бира Кадыров Рамзане Нови Пазар гIалахь, регионехь уггаре а йоккха Къуръан Iамош йолу школа йиллар», – билгалдоккху цара шайн хаамашкахь.

Ниязов Iабдул-ВахIида тIетуьйхира: «Сербин бусалбанаш догдахарца хьоьжуш бу нохчийн вежарийн агIор, цкъа хьалха шайн мохк херцлашкара денбина, хIинца кхечу мехкашна гIо деш болчу».

2011-чу шарахь бахархой багарбаран хаамаша билгалдина, Сербехь бехачу бусалба нехан доккхах долу дакъа, 82 % , Рашски областехь бехаш хилар.

Л.ИБРАГИМОВА,
Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а хьост

Кунта-Хьаьжин 209 шо кхачарна

лерина цхьамогIа гIуллакхаш дIадаьхьира Итон-Кхаьллан кIоштарчу доккхачу маьждигехь

Кхузахь йийшира мовлид, дира зикр, даьккхира сагIа, дира доIанаш. Хууш ма-хиллара, Кишин Хьаьжи Нохчийчохь а, ГIалгIайчохь а лоруш шайх ву. Цо бакъ дине кхойкхура АллахI Дела цхьаъ веш, Цуьнан Элча (I.с.в.) бакъвеш.

Цо юьхьарлаьцнера халкъ паргIатдаккхаран тIамца боцу некъ. Цо кхойкхура гIийлачеран гIолацаре. ХьаьжцIа боьдучу новкъахь цо леррина теллинчух тера дара дуьненаюкъара хьал, оцу я кхечу пачхьалкхаша лелош долу маьIна, церан бакъдолу а, багахь кхайкхош долу а хьашташ. Цундела, дуккха а ойланаш йинчул тIаьхьа, хьесапаш динчул тIаьхьа, гинчун, хезначун барам-бустам баькккхинчул тIаьхьа, цо халкъана довзийтира коьрта декхар – паччахьан Iедална туьраца-тоьпаца дуьхьало яр дитина, цуьнца барт а лоьхуш, маслаIатан дийцарш а деш, халкъана шена юккъера айпе хIуманаш, дерташ, кхачамбацарш дIадохуш нисдалар – иштта Iалашо хIоттийра устаза. Дерриге а халкъан ойла цунна тIейирзира. Цо нах ца боькъура тайпанашкий, вирдашкий. Цхьабосса ларам бара берриге а устазашка, эвлаяашка, царна тIаьхьахIиттинчаьрга. Цо терго йора гIийла-мискачеран. Нахе де бохург хьалха ша дора. Хьанал вара, нийсонна тIехь лаьттара, бакъдерг бен ца дуьйцура, куралла хIун ю хууш вацара. Кху кхоалгIачу бIешарахь цундела еха цуьнан цIе вайнахана юккъехь.




Э.МАЛИКОВ

Р. Кадыров: Шейх Кунта-Хаджи Кишиев оставил яркий след в истории мусульманской уммы

Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров опубликовал пост, посвященный дню рождения чеченского устаза (духовного наставника) Шейха Кунта-Хаджи Кишиева.

«Он оставил яркий след в истории чеченского народа и мусульманской уммы как выдающийся алим (исламский ученый), проповедник, миротворец, пацифист. Эвлия посвятил свою жизнь распространению идеалов добра, милосердия и знаний о Коране и сунне. Он призывал людей быть терпеливыми, проявлять заботу об окружающих, избегать насилия. Самое главное – он на личном примере показывал, каким должен быть истинный мусульманин», –написал Р. Кадыров.

Он подчеркнул, что Кунта-Хаджи Кишиев никогда не брал в руки оружие, не призывал к кровопролитию и агрессии.



«К его слову люди прислушивались. Поэтому его деятельность способствовала укреплению мира и стабильности. Несмотря на миротворческую деятельность Кунта-Хаджи Кишиева, царские власти арестовали и отправили его в ссылку. Я неоднократно говорил, что это решение невозможно объяснить ничем иным, как желанием озлобить наше общество и лишить народ духовных ценностей», – пишет глава региона.

По его словам, царские власти лишили в тот период Шейха свободы и родной земли, но не смогли стереть память о нем.

«Учения эвлия не теряют своей актуальности по сей день. В них есть ответы на многие вопросы, которые волнуют современное общество. Мюриды (последователи) Кунта-Хаджи спустя полтора века продолжают его путь, основанный на Коране и сунне. И так будет всегда! Да вознаградит Аллах нашего Устаза за его добрые дела во благо Ислама и мусульманской уммы!», – написал Р. Кадыров.

Пресс-служба Главы и Правительства Чеченской

Чеченская Республика Моцкаройское сельское поселение Итум-Калинского муниципального района

Р Е Ш Е Н И Е

05.07.2021г. № 5 с. Моцкарой

Об инициативе об образовании сельского населенного пункта (села) и назначении опроса граждан на территории Моцкаройского сельского поселения

В соответствии с частью 2 статьи 16 Закона Чеченской Республики от 11 декабря 2018 года № 62-РЗ «Об административно-территориальном устройстве Чеченской Республики», Порядком назначения и проведения опроса граждан по вопросам образования, упразднения, преобразования территориальных единиц Чеченской Республики, утвержденным Указом Главы Чеченской Республики от 25 сентября 2019 года № 122, в целях выявления мнения населения населенных пунктов, входящих в состав Моцкаройского сельского поселения, Сход граждан Моцкаройского сельского поселения

РЕШИЛ:

1.Выйти с инициативой об образовании сельского населенного пункта (села) в Итум-Калинском районе Чеченской Республики в составе Моцкаройского сельского поселения согласно схематической карте населенного пункта (приложение 1).

2. Назначить проведение опроса граждан на территории Моцкаройского сельского поселения Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики.

3. Установить:

3.1. Дату начала проведения опроса граждан – 16 июля 2021 года, дату окончания проведения опроса граждан –16 июля 2021 года.

3.2. Срок проведения опроса граждан – 1 календарный день.

3.3. Формулировку вопроса, предлагаемого при проведении опроса: «Согласны ли Вы на образование сельского населенного пункта (села) в Итум-Калинском районе Чеченской Республики в составе Моцкаройского сельского поселения?».

3.4. Методику проведения опроса: по месту жительства граждан (подворный обход) путем выбора одного из предложенных вариантов ответов либо указанием своего варианта ответа в опросном листе.

3.5. Методику подведения итогов опроса: опрос граждан считается состоявшимся, если число согласных на образование населенного пункта составит более половины участников опроса, принявших участие в опросе.

3.6. Минимальную численность граждан, участвующих в опросе – не менее половины от числа лиц, обладающих избирательным правом, зарегистрированных на территории Моцкаройского сельского поселения.

4. Утвердить форму опросного листа согласно приложению 2 к настоящему решению.

5. Образовать Комиссию по проведению опроса граждан (далее – Комиссия) согласно приложению 3 к настоящему решению со следующими полномочиями:

5.1.Организация оповещения жителей Моцкаройского сельского поселения о вопросе, выносимом на опрос, методике и дате проведения опроса.

5.2.Обеспечение изготовления опросных листов.

5.3. Составление списка граждан, участвующих в опросе.

5.4. Установление результатов опроса.

6. Настоящее решение вступает в силу со дня его принятия и подлежит официальному опубликованию.

М.А. ГУШАКАЕВ,
председатель Схода граждан

Чеченская Республика Сход граждан Моцкаройского сельского поселения Итум-Калинского муниципального района

Р Е Ш Е Н И Е

от 5 июля 2021 года № 6 с .Моцкарой

Об избрании главы Моцкаройского сельского поселения Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики

В соответствии с пунктом 1 части 2 статьи 36 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» и частью 2 статьи 22 Устава Моцкаройского сельского поселения Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики Сход граждан Моцкаройского сельского поселения Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики

РЕШИЛ:

1. Избрать главой Моцкаройского сельского поселения Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики, исполняющего полномочия главы администрации Моцкаройского сельского поселения Итум-Калинского муниципального района Чеченской Республики Гушаева Сайд-Амина Тагировича.

2. Настоящее Решение вступает в силу по истечении 10 дней со дня его официального опубликования.

Председатель Схода граждан М. А. ГУШАКАЕВ

Полный текст Решений №5, №6 по Моцкаройскому сельскому поселению и Приложений к ним №1,2,3, а также Схематическая карта территории поселения размещены на официальном сайте Администрации Итум-Калинского муниципального района

Росреестр

Выявление правообладателей ранее учтенных объектов недвижимости

29 июня 2021 года вступает в силу закон, который устанавливает порядок выявления правообладателей ранее учтенных объектов недвижимости. Росреестр разъяснил, как будет действовать закон о выявлении правообладателей ранее учтенных объектов недвижимости.

Речь идет о Федеральном законе от 30.12.2020 № 518-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации».

Отмечается, что реализацией закона займутся органы государственной власти и органы местного самоуправления. Никаких действий со стороны правообладателей ранее учтенных объектов недвижимости не потребуется.

Также закон предполагает возможность снятия с кадастрового учета прекративших существование зданий и сооружений. Это будет осуществляться на основании подготовленного уполномоченным органом акта осмотра такого объекта без привлечения кадастрового инженера.

Для правообладателей реализация закона не повлечет за собой никаких санкций (штрафов) в их отношении, поскольку государственная регистрация ранее возникших прав не является обязательной и осуществляется по желанию их обладателей.

Действие нового закона в том числе распространяется на ранее учтенные объекты недвижимости на территориях Республики Крым и города Севастополя, где действуют определенные особенности правового регулирования имущественных и земельных отношений.

А.Л.ШАИПОВ
заместитель руководителя Управления Росреестра по Чеченской Республике

Кадыров Ахьмад-Хьаьжин –70 шо

Беккъа цхьа дагахьбаллам бу-кх...



ХIокху шеран август беттан 23-чу дийнахь Нохчийчохь а, цуьнан дозанал арахьа а, Дала мукълахь, билгалдоккхур ду Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун, Iеламстеган Кадыров Iабдул-Хьамидан Ахьмад-Хьаьжин (Дала гIазот къобалдойла цуьнан!) 70 шо кхачар.

ЦIеяххана политикин а, динан а гIуллакххо, шен Даймехкан сийлахь воI, адамашлахь уггаре а дикачарах цхьаъ вара Ахьмад-Хьаьжа. Цуьнан дахар дIакъасталур доцуш доьзна дара нохчийн халкъан кхолламца. Цуьнца цхьаьна дика а, вуон а лайна, халонех, къизаллех, Iазапех турпалаллица чекхвийлина вара иза.

Нохчийн халкъана а, нохчийн махкана а шен оьмарехь уггаре а чолхе, хала еанчу хенахь, бIаьрнегIар ца тухуш, шен дегIан а, синан а ойла ца еш, бакъволу турпалхо хилла гIаьттира Ахьмад-Хьаьжа вайн халкъ а, мохк а тIеман цIергара баккха, дуьненан массо а маьIIера схьахьовсийначу зуламхойх-вахабитех, террористех, талорхойх паргIатбаккха. Оццул боккхачу ницкъана дуьхьал ша цхьаъ гIаьттира иза, «нохчийн халкъ ас цхьаьнгга а хьийзадойтур дац!» – аьлла.

Хьийза а ца дайтира. Шен дош лар а дира...

Ахьмад-Хьаьжех дерг, цо арабаьккхинчу гIазотан некъах дерг сайна хезначу дийнахь дуьйна иза даггара къобалвеш, тIелаьцна вара со. Тахана беккъа цхьа дагахьбаллам бу сан оцу халачу, нохчийн халкъан кхоллам къасточу, Ахьмад-Хьаьжина накъост оьшучу хенахь цунна юххехь ца нисваларна. Оцу дагахьбалламца веха со, байттамал а бохуш. Амма сан ойла, сан са даима а цуьнца хилла, Дала цунна юххехь ца нисвинехь а. Иза дика хаьа вай девзачарна а, вай лелийнарг девзинчарна а. Юьххьехь дуьйна а Кадыров Ахьмад-Хьаьжин некъ даггара къобалбинчарах а, ницкъ кхочучу барамехь вахабиташний, хаварижашний, террористашний дуьхьал къийсам, луьра къийсам дIабаьхьначарах а ду вай. АллахI ву цунна теш.

Доьхна, даьржина, хьере хилла нохчийн халкъ меттадалорна, цхьаьнатохарна, цуьнан барт барна тIехьовсийна дара цуьнан коьрта гIуллакхаш Россин Президентан Путин Владимиран Указаца Нохчийн Республикин Администрацина коьрте хIоьттинчу хьалхарчу дийнахь дуьйна. Иза данне а ларамаза а дацара. Халкъан барт, цхьаалла хилчий бен Нохчийчуьра хьал сихха хийцалург цахиларх тешна вара Ахьмад-Хьаьжа. Цундела цкъа хьалха Нохчийчоьнан ярташкара, кIошташкара, гIаланашкара Iеламнах, динан векалш, хьекъалан дай вовшахтуьйхира цо. Царах дагавелира. Довзийтира тIом сацорехь, машар барехь, халкъан барт барехь дан леринарг.

Мехала, беркате къамел хилира церан. Вай гал ца девллехь, референдуман хьокъехь дерг а дуьххьара оцу цхьаьнакхетарехь хьахаделира. Референдум дIаяхьарца халкъана хIун лаьа хьажа лууш вара Ахьмад-Хьаьжа. «Шуна луъуш дерг лууш ву со а», – ма олура цо, халкъо бинна харжам ша къобалбийриг хилар хоуьйтуш.

Цул тIаьхьа хиллачу баккхийчу хиламаша: дерриге а халкъан референдум дIаяхьаро, Нохчийн Республикин хьалхара Президент харжаро – къегина гайтира нохчийн халкъ Ахьмад-Хьаьжех тешна хилар, иза къобал а вина, цунна тIаьхьахIоьттина хилар, халкъо иза шен баьчча лоруш хилар.

БIаьргашна а гуш хийцалуш дара Нохчийчуьра хьал. Нохчийн Iедал дара республикехь дIахIуттуш. Iедалан «тIам» дIахеца ца лууш ницкъаш бара федеральни эскаршна юкъахь. Кхузахь олалла дарх яла лууш яцара шех «тIеман парти» олуш ерг а. Вукху агIор вахабиташ а, террористаш а бара нохчийн маьрша бахархой шайн Iаткъамна кIелара ца бовлийта гIерташ. Оцу массарна а дуьхьал къийсам дIахьош, денна керл-керла толамаш бохуш схьавогIуш вара шен бIанакъосташца цхьаьна Нохчийн Республикин хьалхара Президент Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Нохчийн халкъ а, вайн регионехь бехаш болчу кхечу къаьмнийн, динийн векалш а ирсечу кханенах теша буьйлабелира.

Диканна дог-ойла гIаьттина, бертахь маьрша дахар дIахIотторехь шен баьччина накъостий хилла къахьоьгуш болчу вайн махкахошна дагахь доццург, инзаре чIогIа тохар хилира 2004-чу шеран май беттан 9-чу дийнахь. Халкъан мостагIаша ямартлонца тешнабехк бира Ахьмад-Хьаьжина...

Халкъ шен баьчча воцуш дисира. БIарзделла, доьхна, Iадийна дисира нохчийн халкъ. Толаман дийнахь... Махкахь тезет хIоьттира. Амма халкъ юха а ира-карахIоттош, кханенах тешам, шен ден Ахьмад-Хьаьжин буйнара байракх, машаран байракх, охьа ца йожийтира цуьнан кIанта Рамзана (Дала Iалашвойла иза!). Цо дерриге а дуьненна дIахьедира ша шен дас дина весеташ кхочушдийриг хилар а, цо болийна некъ толамца чекхбоккхург хилар а.

Россин Президента Путин Владимира аьлла ма-хиллара: «Ахьмад-Хьаьжа гуттаренна а тIом дIа а баькккхина, тоьлла а волуш дIавахана вайна юкъара». Цуьнан некъаца вогIуш волчу Нохчийн Республикин Куьйгалхочо кхочушдина, кхочушдеш а ду Ахьмад-Хьаьжин весеташ. Тахана дуьненахь а уггаре а маьрша, синтеме, аьхна мохк бу Нохчийчохь. Кхузахь санна дин Iамо, лело маршо яц дуьненан цхьана а пачхьалкхехь. Эзарнаша маьждигаша, хьуьжарша, иттаннаш зерата кхелина ю вайн ярташ, шахьарш. Ирсах лепаш ю бахархойн яххьаш. И дерриге а вайн къоман баьччин Ахьмад-Хьаьжин беркат ду. Оцу беркатах ирс эца, цуьнан хама бан Везачу АллахIа ийман, хьекъал, кхетам лойла вайна.

МЕЖИЕВ Салахь-Хьаьжа,
Нохчийн Республикин муфти

Книжная выставка

Ахмат-Хаджи – Герой века

В школьной библиотеке Тазбичинской СОШ имени Г.Х. Юсупова Итум-Калинского муниципального района организована книжная выставка «Ахмат-Хаджи – Герой века», приуроченная к 70-летней годовщине со дня рождения Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова (Дала гIазот къобалдойла цуьнан).

Как рассказала нам директор школы Раиса Юсупова, на выставке представлены материалы о жизни и деятельности А-Х.Кадырова, а также воспоминания современников



о нем.

В этом году А-Х.Кадырову исполнилось бы 70 лет. Наш Первый Президент был невероятно мужественным человеком, истинным мусульманином и настоящим патриотом.

Он показал себя зрелым государственным деятелем, мудрым и волевым руководителем, дальновидным политиком и истинным религиозным деятелем, который поставил перед собою цель раз и навсегда покончить с войной и спасти свой народ. И это ему удалось!

А.БАУДИНОВ

Тхан кхиамаш хьан цIарах боьзна



«Дош шен Iалашоне кхочу, нагахь санна иза цIеначу даггара аьлла делахь, оцу дашехь цо шена са а, пайда а ца лехахь», – олура А-Хь.Кадыровс. Ткъа ша иза бакъдерг а, шен дагахь дерг а бен дуьйцуш вацара. Цуьнан цIийца дара, адамийн ойла шена тIеерзош вистхила хаар. Воккха Iалим хиларе терра цунна чIогIа карадирзинера адамийн ойла ша дуьйцучунна тIеерзо хаар. Шен балхаца доьзна маьждигашкахь а, хьуьжаршкахь а бусалба нахана, мутаIеламашна хьехамаш беш, къамелаш дан дезаш хуьлура иза кест-кеста. Нахаца дIахьочу цхьаьнакхетарша Iамийнера цунна адамийн дог-ойла йовза, халкъан лаамаш, сатийсамаш, лазамаш ган. Нохчийн юкъараллехь дино даима а лелийна мехала маьIна. Ша охIла волу, шена бераллехь дуьйна а карадирзина долу гIуллакх – Делан дош даржор, цунах тешор, цунна тIетовжар даггара нислора цуьнан. Шен бакъдашца, даггарчу къамелаца нохчийн халкъан доккхаха долу дакъа тешийра цо Россица доцуш вайн халкъан тахане а, кхане а хирг цахиларх. Нохчашна шайн къаьхьачу кхолламехь зеделла бакъдерг дара иза. Оцу некъах халкъ тешо ницкъ кхечира Ахьмад-Хьаьжин. Историга диллича кхин дIогара дукха хан яц 20 шо, амма вайн халкъо лайнарг а, цуьнга кхаьчнарг а дуьстича, дуккха а бIостаналлаш карайо. Иза девзаш хилар ду тахана вайн ярташкахь, гIаланашкахь Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах урамаш, маьждигаш, школаш, лаккхара дешаран заведенеш, садаIаран меттигаш хилар. Халкъана даима а шен иэсехь вуьсийла лаьа шен къоман турпалхо. Цунна лерина ю ши-кхо кIира хьалха Итон-Кхаьллахь, Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарахчу урамехь схьайиллина садаIаран беш а. Дала тIаьхье беркате йойла кху бешан!

Б.ЧАПАЕВ

МогашаллаIалашъяр

Ларло шаьш а, ларбе шайн гергарнаш а



Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан протокольни тIедиллар кхочушдеш, Итон-Кхаьллан кIоштахь кхоьллинчу белхан тобано – цу юкъабахна кIоштан администрацин а, Чоьхьарчу гIуллакхийн отделан а, меттигерчу больницин а векалш а, кIоштан къеда а, хIора юьртарчу маьждиган имамаш а, юьртдай а, меттигерчу организацийн, учрежденийн куьйгалхой а. Белхан тобано жигараллица дIабаьхьначу белхан жамIаша гойту COVID-19 уьнца къийсам латторехь, хьовха, цунна дуьхьал вакцинаци йайтар вайн районехь дика дIахьош хилар. Билгалдаьккхина ма-хиллра, 2587 вахархочо вакцинаци йайтича, оцу уьнан го хадоран иммунитет кхоллало, оцу терахье кхача Iалашо йолуш дара вай. Цу дуьхьа республикин Куьйгалхочо шен кхеташонехь бахархошка бинначу кхайкхамо а, белхан тобано дIабаьхьначу кхеторан балхо а дикачу агIор хийцам хилар гойту цхьацца долчу деношкахь диначу жамIаша, масала: 3-чу июлехь вакцинаци йайтина 50 вахархочо, 4-чу июлехь – 55 стага, 5-чу июлехь –100 стага, 9-чу июлехь – 50, 11-чу июлехь – 62, иштачу терахьаша тешаво, вайн бахархоша шайн могашаллина толам хир берг хаьржина хиларх.

Шен «ДуьххьалдIа йолчу зIенехь» Россин Президента Путин Владимира а билгалдаьккхира: лоьраша а, Iилманчаша а билгалдоккхуш махиллара, вакцинаци йаро бен эша дийр дац COVID-19 ун, аьлла. Цунна дуьхьало ян таро йолуш, шайн эвсаралла а, кхерамазалла а гайтина вайн махкахь 4 вакцина хиларх а элира цо.

Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана билгала ма-даккхара, вайн регионехь иммунизаци яран болх гергарчу хенахь дIабоьрзар бу, цуьнан декъехь тIаьххьарниш хир дац вай а. Дала Iалашдойла вай цу ун-балех!

Р.САРАЛИЕВ

ГИБДД-85

За безопасность на дорогах

На территории Итум-Калинского района Чеченской Республики сотрудниками ОГИБДД ОМВД России по Итум-Калинскому району проведено оперативно-профилактическое мероприятие, направленное на выявление и пресечение нарушений правил дорожного движения водителями газелей, автобусов, осуществляющих перевозку пассажиров, а также проверки их технического состояния.

В период проведения мероприятия усилен контроль над соответствием технического состояния и конструкции транспортных средств, соблюдением правил перевозки людей, особенности детей, ибо в каникулярное время наблюдается большой поток детей-пассажиров.

Рассказывая о работе районного ОГИБДД, начальник этого отдела А.Долтукаев рассказал, что доверие Главы республики помогает им с высокой ответственностью относиться к их службе. На торжественном мероприятии, поздравляя сотрудников ГАИ, в связи 85-летием образования Государственной автоинспекции России, Р.А.Кадыров подчеркнул: «Вы с честью несете службу и выполняете работу круглые сутки. Благодаря этому обстановка на дорогах республики стабильная».

– Такие слова Главы республики подчеркивает о том, что он хорошо знает нашу работу изнутри и доверяет нам. Несомненно, обеспечение безопасности жизни и здоровья человека – наш долг и обязанность. Таким образом мы показываем верность пути Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова, – подчеркнул А.Долтукаев.

Р.РИЗВАНОВ



ПДН в действии

Профилактическое мероприятие «Безнадзорный»

В целях предупреждения беспризорности и правонарушений несовершеннолетних, предотвращения вовлечения их в совершение антиобщественных действий, а также во исполнения п.3.27. плана основных организационных мероприятий МВД по Чеченской Республике на 2021 год и пункта 5 плана работы межведомственной КДН и ЗП при Правительстве Чеченской Республики на 2021год, с 28 июня по 03 июля 2021 года на территории Итум-Калинского района проведено профилактическое мероприятие под условным названием «Безнадзорный».

По разбору с доставленными несовершеннолетними создана группа, состоящая из 7 сотрудников отделения МВД России по Итум-Калинскому району и представителя УФМС России по Чеченской Республике: из них:

ПДН - 2;

ОУУП – 2;

ППСП- 2;

Представитель КДН и ЗП- 1;

Представитель отдела образования – 1;

Представитель органов здравоохранения -1;

В ходе проведения профилактического мероприятия «Безнадзорный», на территории Итум-Калинского района Чеченской Республики были



организованы и проведены разъяснительные работы среди родителей, законных представителей несовершеннолетних об ответственности за совершение противоправных действий несовершеннолетними, а также о формах и методах вовлечения несовершеннолетних в преступную и антиобщественную деятельность. Разъяснены возможные уголовно-правовые последствия за неисполнение обязанностей по содержанию и воспитанию детей.

С учетом местных условий и оперативной обстановки проводилось профилактическое мероприятие с отработкой кафе, баров, автостанций (автозаправочных станций) и других мест массовой концентрации несовершеннолетних в целях выявления беспризорных и безнадзорных детей. В ходе проведенных проверок личным составом отделение МВД России по Итум-Калинскому району проверено:

– рынков –1;

– учреждений торговли – 6;

– автозаправочных станций – 1;

– кафе – 1;

– места стоянки маршрутного автотранспорта и такси – 1;

Проведены рабочие встречи с администрацией, учреждениями системы образования по вопросам организации и проведении совместных мероприятий, направленные на предупреждение беспризорности, безнадзорности, совершения правонарушений несовершеннолетними, а также выявлению взрослых лиц, вовлекающих несовершеннолетних в преступную и антиобщественную деятельность. Проведены профилактические мероприятия, направленные на выявления несовершеннолетних лиц причастных к противоправным действиям и взрослых, вовлекающих несовершеннолетних в преступную и антиобщественную деятельность.

В период проведения профилактического мероприятия под условным наименованием «Безнадзорный», неблагополучных семей выявлено не было. Каких-либо правонарушений со стороны несовершеннолетних, в период проведения профилактического мероприятия не допущено. Лиц, потребляющих наркотические и психотропные средства, лиц вовлекающих несовершеннолетних в употребление спиртных напитков, наркотических и психотропных средств, совершение преступлений и антиобщественных действий, а также фактов совершенных преступлений в отношении несовершеннолетних не выявлено. Обеспечено – 1 информационное сопровождение профилактического мероприятия «Безнадзорный» в средствах массовой информации и размещение социальной рекламы на подведомственной территории

Э.С. БАХАЕВА,
инспектор ПДН ОУУП и ПДН ОМВД России по Итум-Калинскому району, майор полиции

Газета «Ведучи»
Главный редактор
Т.А.САРАЛИЕВА
Газета освещает события, происходящие в Итум-Калинском муниципальном районе Чеченской Республики

Учредитель: Администрация Итум-Калинского муниципального района
Адрес учредителя/издателя: 366404, Чеченская Республика, Итум-Калинский район, с.Итум-Кали, ул. А-Х.Кадырова, д.14
Газета выходит 4 раза в месяц

Газета зарегистрирована Управлением федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00074 от 01 февраля 2013 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты "Ведучи".
Адрес редакции: 364014, ЧР, г. Грозный, ул.Н.А.Назарбаева, 92
тел.: 8 (938) 893-04-10

Отпечатана в ФГУП ИПК "Грозненский рабочий"
Адрес: г.Грозный, ул.Интернациональная, 12/35
Подписано в печать: 14. 07. 2021.
по графику в 18.00, по факту в 16. 00
Тираж - 1000 экз. Заказ №